RÀÑÑEE MALA YU WÈR YI AK YU TAWAT YI

- Ab mala bu wèree dafay sawar boole ca am der bu set te rafet.
- Ab mala bu wèree dafay lèkk tey naan bu baax.
- Ab mala bu wèree kanam gi dafay set ak tànk ak gännaaw gi.
- Ab mala bu wèree dafay noyyi gu set te dafay nekk ci biir gètt gi.



- Mala bu tawat kawaram dafay woow, tilim te taq gannaaw-kër.
- Mala bu tawat dafay néew doole, bët yi tiis, bopp bi jëm suuf.
- Mala bu tawat yaramam mën na nèwwi.
- Mala bu tawat dafay am jafe-jafe noyyi te dafay bèddeeku.

• Gët Yi

- Mala bu wèree dafay am bët yu weex te yeewu.
- Bët yi dañuy set te duñu am tooy-tooy wala rongoñ ci wet yi.



- Mala yu tawat mën nañu am bët yu xònq yu newwi; bët yu xònq ñooy njëkk-a wone ne mala bi dafa tawat.
- Rongoñ yu ratax wala wanent mooy tax mala bi du mën a ubbi ay bëtam.

• Gèmmeñ

- Mala bu wèree dafay am gèmmeñ gu set ak kanam gu set boole ci li wër gèmmeñ gi.



- Mala bu tawatee dafay am gèmmeñ gu newwi ak tuñ yu woow ànd ak tooy-tooy gu xasaw buy jòge ci gèmmeñ gi.
- Yènn saa yi dafay am ay dagg-dagg ci wetu gèmmeñ gi. Ci misaal, bèy bu am caar (PPR) mën na am ay dagg-dagg ci gèmmeñ gi.

• Bakkan

- Mala bu wèr dafay am bakkan bu set te du taq benn yuut wala tooy-tooy.
- Bakkanu mala mu wèr dafay sèdd te woow.
- Mala yu wèr dañuy faral di mar seeni bakkan ak seen lämmeñ.



- Mala yu tawat dañuy faral di am ñandaxiit, ñandaxiit bu ratax te xasaw.
- Bèy bu am caar (PPR) mën na am ñandaxiit.

• Tuñ

- Tuñ yu wèr du xonq wala mu tooy.
- Tuñ yu wèr dañuy faral di am melo bu set-rafet boole ca bëñ yu dëgër.



- Mala bu tawatee ay tuñam dañuy xonq te newwi.
- Gèmmeñ gu woow te taq dafay wone ne mala wi gëj na naan ndox; dafa mar.
- Yenn saa yi, gèmmeñ gi mën na am dagg-dagg yuy näcc jële ca xet gu xasaw.

- Mala bu wèr dafay am yaram wu set mel ni luy melax te du tooy fenn.
- Mala bu wèr dafay tëb di dal di fo bolle ci sop.





- Mala bu tawat dafay xiiboon, sew ruuj, nèew doole te bari li muy tëdd.
- Mala bu wopp, gannaaw ga dafay tooy, taq ginnaaw-kër mel ni biir buy daw.

IDRC · CRDI
International Development Research Centre
Centre de recherches pour le développement international
Canada

UF UNIVERSITY of FLORIDA

Designed and printed by:
PANGEA